

SANGAT RAHASIA



TES TERTULIS UJIAN SEKOLAH

TAHUN PELAJARAN 2021/2022

BAHASA SUNDA (MULOK)

UTAMA

SMA NEGERI 2 CIKARANG SELATAN
DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT



**PILIHAN GANDA**

1. Dihandap ieu anu kaasup dina biantara teu resmi nyaeta....
 - A. rapat
 - B. panggung hiburan
 - C. pamapag acara
 - D. sidang
 - E. upacara
2. Kecapangan *leuweung dibukbak hirup bakal balangsak* ngandung harti...
 - A. ari leuweung teh tempat kakaitan anu ngahasilkeun hawa beresih
 - B. ari leuweung teh tempat sasatoan anu hirup bebas teu dikungkung ku manusa
 - C. lamun leuweung dibukbak, masarakat bakal beakeun cai keur ngawangun imah
 - D. lamun leuweung dibukbak, sato-sato leuweung daratang ka lembur
 - E. ulah ngabukbak leuweung, lantaran di leuweung loba kakaian anu jadi cai
3. Karya sastra anu lobana opat jajar, diwangun ku cangkang jeung eusi disebutna...
 - A. sisindiran
 - B. rarakitan
 - C. paparikan
 - D. wawangsalan
 - E. tatar ucingan
4. Paparikan mibanda salah sahiji ciri ieu di handap, nyaeta padeukeutna sora dina jajaran...
 - A. ka-1cangkang jeung jajaran ka-2 cangkang
 - B. ka-3cangkang jeung jajaran ka-4 eusi
 - C. ka-1 cangkang jeung ka-3 eusi, ka-2 cangkang jeung ka-4 eusi
 - D. ka-2 cangkang jeung jajaran ka-3 eusi
 - E. ka-1 cangkang jeung jajaran ka-3 eusi
5. Di handap ieu kalimah-kalimah anu henteu ngandung kecap sipat, nayeta...
 - A. Bu Dini mah bageur pisan
 - B. Katum biri ka tingal aya warna beureum, koneng, jeung kayas
 - C. Abdi mios ka bogor enjing-enjing
 - D. Tengah poe mah karasana panas kacida
 - E. Jang Adun sukuna bareuh urut ti jalikeuh
6. Di handap ieu kecap-kecap sipat anu boga harti lalawanan langsung, iwalna...
 - A. luhur x handap
 - B. panjang x pondok
 - C. jangkung x pendek
 - D. gendut x begang
 - E. buled x pasegi
7. Palaku dina “Gunung nu Endah” karya Asmiranti, nyaeta...
 - A. Kuring jeung Tris
 - B. Andi jeung Kuring
 - C. Tris jeung Andi
 - D. Kuring
 - E. Maneh
8. Di handap ieu kalimah aktif anu teu bisa dirobah jadi kalimah pasif, nyaeta...
 - A. Mamah keur ngamandian Dede
 - B. Kuring mangmeulikeun buku keur ade
 - C. Dadang ngakutan sayuran ti kebon
 - D. Mang Mahdi dagang sayur di pasar
 - E. Aki nuju ngala di balong
9. Gambaran kajadian anu ditepikeun dina waruga warta ilaharna dipake ngajawab pananya...
 - A. naon, ku naon, tina naon, ku saha, ti saha, ka saha
 - B. saha, naon, iraha, di mana, naha, kumaha



- C. iraha, ti iraha, nepi ka iraha, di mana, ka mana, ti mana
D. naon, ku naon, saha, ku saha, mana, di mana
E. mana, nu mana, di mana, ti mana, ka mana, belah mana
10. Naskah siaran teu meunang ngahina soal SARA. Ieu di handap anu lain panjangna tina SARA, nyaeta...
- A. suku
B. agama
C. ras
D. rasa
E. antargolongan
11. Kecap rundayan dirarangen ka—an nu hartina ‘teu dihaja’, aya dina kalimah...
- A. mang Juned *kacilakaan* di jalan cagak
B. basa balik ti sakola, Dadan *kahujanan* di jalan
C. kang Ubun teh *kabuktian* henteu salah
D. balik ti Pangandaran teh *kapeutingan* da macet di jalan
E. Kuring *kabeneran* panggih jeung manehna dipengkolan
12. “Manehna geus jadi nonoman anu keur meunjeuhna buta tulung buta danging.”
Paribasa *keur meunjeuhna buta tulung buta danging* dina eta kalimah ngandung harti keur meunjeuhna...
- A. dipiara hade-hadep
B. beuki dahar
C. daekan mun dititah
D. gede napsu hirup di dunya
E. hese mun dititah
13. Di handap ieu anu teu ka asup kana tempat nungut elmuna tokoh Ir. R. H. Ukar Bratakusuma, nyaeta...
- A. HIS
B. MULO
C. Stundant Clud
D. AMS
E. ITB
14. Patali jeung widang atikan, tokoh Ir. R. H. Ukar Bratakusuma kungsi nyecel kaungguhan jadi rektor...
- A. UI
B. UPI
C. IPB
D. ITB
E. Unpad
15. Pagelaran maca wawacana sok disebut...
- A. seni sora
B. seni macapat
C. seni beluk/tembang
D. seni tari
E. seni musik
16. Pupuh anu mindeng dipake dina wawacana, ka asup Sekar Ageung, nyaeta...
- A. Kinanti, Sinom, Asmarandana, Dangdanggula
B. Kinanti, Sinom, Maskumbang, Durma
C. Kinanti, Mijil, Pucung, Wirangrong
D. Kinanti, Sinom, Asmarandana, Durma
E. Kinanti, Asmarandana, Magatru, Pucung
17. Paragraf eksposisi nu ngajelaskeun babandingan antara dua hal atawa leuwih ku cara nuduhkeun hal anu sarua jeung hal anu beda tina dua hal nu dibandingkeun tea disebut...
- A. ilustrasi
B. proses
C. babandingan



- D. sabab
- E. akibat

18. Di handap ieu nu kaasup ciri-ciri karangan pedaran, *iwal*...
- A. ngajelaskeun pakta, runtuyan proses, pamanggih, kayakinan jeung sabana
 - B. merelukeun pakta nu dikuatan ku angka, data, peta, grapik jeung sabana pikeun nguatan jeung nambah teleb kana inpormasi
 - C. merelukeun analisis (talaah)
 - D. ngagali sumber ideu tina pangamatan, pangalaman, panalungtikeun, sikep, jeung kayakinan
 - E. disusun dumasar kana urutan waktu



19. Sisingaan mangrupikeun kasenian has daerah....
- A. Bandung
 - B. Garut
 - C. Sumedang
 - D. Cirebon
 - E. Subang
20. Kekecapan anu dipake bubu ika ku dalang wayang sabab kakawen disebut...
- A. kakawen
 - B. murwa
 - C. nyandra
 - D. antawacana
 - E. pembukaan
21. Di handap ieu ditataan sawatara hal anu sarua antara dongeng jeung cerita wayang, *iwal*...
- A. sok kapanggih hal-hal anu pamoholan atawa teu asup akal
 - B. ngandung nasehat, papatah jeung pieunteungeunpikeun nu maca
 - C. awal sumbarna sacara lisan, talate pati hiji jalma sejenna
 - D. disusun mangrupa carita
 - E. palakuna bias jalma, sato jeung buta, atawa mahluk sejenna
22. Ngajen atawa meunteun kana hijikarya, saperti buku, film, atawa pintonan drama jeung musik (*konser*), disebutna...
- A. apresiasi
 - B. eksprsi
 - C. resensi
 - D. esey
 - E. Kritik
23. Persib geus jadi ikon Jawa Barat, kitu diantarana nu kaunggel dina baba “Pesona Maung Bandung” teh. Iklim mengbalna alus. Maenna hade. Kitu deui fanatisme bobotohna nu luar biasa. Eta pisan nu jadi garansi pikeun norobos ka hambalan nasional. Keur para pamaen, asup ka Persib teh kasempetan gede pikeun ngamekarkeun karir di dunya mengbal. Disawang tina segi kritik, cutatan alinea di luhur nembongkeun ngeunaan...
- A. cara ngeritik alus
 - B. cara ngeritik nu goring
 - C. nembongkeun kaunggulan nu dikritik
 - D. nembongkeun kahengkeran nu dikritik
 - E. nembongkeun daya pikat Persib
24. “Ditilik tina segi tehnik aya kakurang deuih. Upamana dina kolofon euweuh katerangan ngeunaan sabaraha kandelna ieu buku. Jadi weh, rada hese kudud nangtukeun kandelna.



Komo mun nepi ka lebah: “Parade Foto” mah, kapan susah nangtukeun kacana dabteu dinomeran.”

Alinea di luhur ngagambarkeun yen nu ngeritik buku nepikeun ngeunaan...

- A. kaunggulan buku
- B. kakurangan buku
- C. kolofon buku
- D. katerangan buku
- E. parade foto dina buka

25. *Sanip : Buru lalaunan-lalaunan!!!*
Ajeng : Buru bantuan! Lain lalaunan!
Sanip : Sip atuh, urang gancang asupkeun kana karungna!
Ajeng : bawa tuh katel jeung sosodok!

Cutatan di luhur dina naskah drama kaasup kana bagean...

- A. babak
- B. adegan
- C. prolog
- D. epilog
- E. dialog

26. *“Di Desa Bojong ribut yen aya garong nu sok ngararad sakur nu aya dihareupeunana. Hansip baek carita miskin pangkalan sangkan bisa newak eta garong.”*

Cutatan di luhur dina naskah drama kaasup kana bagean...

- A. babak
- B. adegan
- C. prolog
- D. epilog
- E. dialog

27. Alinea anu eusina ngebrehkeun lumangsungna peristiwa atawa kajadian, boh nu sipatna nyata atawa rekaan, disebutna alinea...

- A. argumentasi
- B. deskripsi
- C. narasi
- D. eksposisi
- E. persuasi

28. Situs Megalitik Gunung Padang kaasup kana unsur-unsur dina struktur artikel, nyaeta...

- A. Asia Tenggara
- B. Jawa Barat
- C. Eropah
- D. Indonesia
- E. Dunya

29. *“Bul kukus mendung ka mangung,
 Ka manggung neda papayun,
 Ka dewata neda suka,
 Ka pohaci neda suci”*

Conto carita pantun Lutung Kasarung di luhur anu ka asup bagean...

- A. deskripsi
- B. rajah pamuka
- C. dialog
- D. narasi
- E. rajah panutup

30. *“Kacarita patih dua sakembaran,
 Patih Purawesi, Patih Puragading,
 Sejana ka pasamoan, bawana hayam sahiji,
 Pateupung di alun-alun jeung Ciung Wanara”.*



- Conto carita pantun di luhur anu ka asup bagean...
- deskripsi
 - rajab pamuka
 - dialog
 - narasi
 - monolog
31. Di handap ieu anu teu ka asup kalimah langsung, nyaeta...
- Bu Guru sasaran, “Baca ku hidep naskah drama teh!”
 - “Iraha aya pagelaran drama Sunda teh? Dadan nanya.
 - Ceuk Wendi, “Kumaha jadi latihan drama teh?”
 - Dedi ngajak tuti rek ulin ka Cianjur.
 - “Iraha rek milu ulin ka Cianjur teh?” ceuk Dedi ka Tuti
32. *“Adam Adam babuh lawan
Ingkang ngagelaraken cahya nur cahya
Dangian wayang wayanganipun
Perlambang alam sadaya”*
Reka basa di luhur kaasup kana...
- murwa
 - nyandra
 - anta-wacana
 - rumpaka
 - sora
33. Adat kabiasaan atawa tali paranti turun tumurun ti karuhunan masih dilaksanakeun dina pakumbuhan masarakat, disebutna...
- folklor
 - budaya
 - tradisi
 - etika
 - tatakrama
34. Ceuk tulisan resensi, tema dina drama “tukang asahan” nyaeta ngeunaan...
- tukang dagang asahan nu kekeleyengan kaditu kadieu
 - ngasongkeun pasualan hirup nu kudu di surahan
 - daganganna batu asahan anu teu laku-laku
 - parasipah batu asahan keur pahirupan
 - ari hirup kudu kawas tukang asahan
35. Di handap ieu anu henteu kaasup kana cara – cara maca artikel, nyaeta....
- baca heula sakali ti mimiti judul nepi ka tamat
 - di catet sakabeh eusina kana buku catetan
 - catetkeun heula hal- hal penting tina eusi artikel
 - mun perlu catetkeun saha wae ahli anu dicutat dina eta artikel
 - jieun ringkasannana tina artikel nu di baca
36. Maca teks di handap ieu
Saban taun masarakat Jawa Barat butuh daging sapi nu kawilang loba. Jumlahna teu kurang ti tilu reu spi peunciteun (sapi potong). Kapaksa pikeun nyumponan kakuranganana nyiar ti daerah sejen, di antarana, Nusa Tenggara Barat. Pikeun ngungkulan kabutuh, dicoba ku cara ngagenjot daerah pakidulan Jawa Barat, jeung metaken upaya ngalintuh-lintuhkeun sapi nu baregang sajaba ti kitu, kawin suntik digedekeun.
Nilik kana cicingna gagasan utama, alinea di luhur kaasup kana alinea...
- induktif
 - deduktif
 - persuasif
 - eksplanatif
 - campuran
37. Carita rekaan anu ukuran paranjang, gelar dina lisan, serta ngandung hal-hal anu mere kesan pamohlan, anu ditepikeun ka juru pantun, dipirig ku kacapi, disebut...

- A. dongeng
 - B. wawacan
 - C. hikayat
 - D. carita wayang
 - E. carita pantun
38. “itu teunteung ieu ludeung
Wani sarua daekna,
Hayam prak bae abar,
Silih pacok ku pamatuk,
Silih gitik ku jangjangna,
Silih peupeuh ku sukuna,
Hayam sarua bedasna.”
Conto carita pantun di luhur anu ka asup bagean...
- A. deskripsi
 - B. rajah pamuka
 - C. dialog
 - D. narasi
 - E. monolog
39. “Lajeung bae dipariksa, saurna, “ari maneh urang mana?”
Ciung wanara ngawalon, “Abdi urang Geger Sunten.”
“Saha nya ngarana?”
“Abdi th ciung ngarana”
“Arek naon seja teh datang kadeui?,
Conto carita pantun di luhur anu ka asup bagean...
- A. deskripsi
 - B. rajah pamuka
 - C. dialog
 - D. narasi
 - E. monolog
40. Dina carita pantun , anu mindeng di sebut – sebut salaku nungawasa gunung padang teh nyaeta....
- A. Nyi Pohaci Sang Hiang Sri
 - B. Dewi Durga
 - C. Griang Tunggal
 - D. Guriang Tujuh
 - E. Sunan Ambu

JAWABA PILIHAN GANDA (PG)

- | | | | |
|-------|-------|-------|-------|
| 1. B | 11. D | 21. E | 31. D |
| 2. C | 12. C | 22. C | 32. A |
| 3. A | 13. C | 23. C | 33. C |
| 4. C | 14. D | 24. B | 34. B |
| 5. C | 15. C | 25. E | 35. B |
| 6. E | 16. A | 26. C | 36. A |
| 7. C | 17. C | 27. C | 37. E |
| 8. E | 18. B | 28. A | 38. E |
| 9. B | 19. C | 29. B | 39. C |
| 10. D | 20. A | 30. D | 40. A |